# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# बढ़ियाँ सामरी




लेखक: Edward Hughes

अनुवादकः सुरेश मसीह

ब्याख्याकर: M. Maillot; Lazarus

अनुकूलित: Ruth Klassen; Sarah S.


कहानी 46 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri







"उ आदमी उत्तर दिहलस," परमेश्वर अउर अपनी पड़ोसी से प्रेम अपनी समान करअ। उ पूछलन "लेकिन हमार पड़ोसी के हअ?"
3


आदमी की सवाल क जवाब देबे खातिर यीशु एगो कहानी बतवलें, एगो आदमी यरूशलेम से यरीहो की रास्ता पर जात रहलन। चोर सब ओ आदमी पर हमला क दिहलन सअ।
4


चोरन के, जेवन कुछ मिलल सब कुछ चोरा लिहलन सअ, ईहाँ तक कि दुर्भाग्य बस ओ यात्री क कपड़ा भी ले लिहलन स।
5


उ ओ के बड़ी ख़राब तरह से घायल भी कर दिहलन सअ अउर सड़क की किनारे अधमरा छोड़ दिहलन सअ।
6


संजोग से एगो पुजारी उहां से गुजरल, निश्चित रूप से उ घायल आदमी क मदद करी।
7


नाहीं! उ आदमी क खून बहत देख के, सड़क की दूसरी तरफ से चल गइल।
8


जल्दी ही पैर क आवाज दूसरा व्यक्ति की अइला क आहट दीहलस, उ एगो लेवीय रहल जे मंदिर में याजकन क मदद करेला।
9
उ जाके घायल आदमी के देखलन। अउर तब मदद कइले बिना दूर चल गइलें।
10
अंत में एगो सामरी आदमी ओकरी पास आइल। यहूदी लोग समरियन से नफरत करत रहलें।
11
यीशु की कहानी के सुनत लोग एगो सामरी के हीरो बनला क उम्मीद ना कर सकत रहलें। लेकिन उ रहलन। सामरी कवनो परवाह कइला बिना ओकर मदद करे खातिर रुक गइल।
12
सामरी पुरुष अपनी ठेंघूना पर आके अजनबी की घावन पर दवा अउर पट्टियन के लगा दिहलन। फिर सहायता की खातिर उ अपनी गदहा पर जख्मी पुरुष के बईठवलन।
13
सामरी पूरा रात ओ आदमी क सड़क की किनारे सराय में देख भाल कइलन।
14













बढ़ियाँ सामरी

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

लूका 10

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा
जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा
यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के
पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक
गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ
बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी
खातीर मर गइलन  आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ
ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि
हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह
सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह
रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !